Ассаламу гІалайкум!

ЗахІмат бихьичІого, рахІат бокьарас,
БекьичІого,лъилъе,нилъ гьечІого,хур.
Инхоса ГІали-хІажи

ГУМБЕТОВСКИЙ РАЙОН 1928

www.mo-gumbet.ru

Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 51 (6448) 28 сентябрь 2015 с. Итни ЗулхІижа 1436 с. Багъа 5 гъур.




ЧЕРХАЛДА ГІЕТІ ЦІИРИЧІЕБ БОЦИ ДАНДЕ ГЬАБУГЕ

## Къурбан-къоялда цебе тайпадулаб гІиял халгьабуна

**Гумбет районалъул нухмалъулел – «ГІияхъан» магІишаталда**

**22 сентябралда «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетІер МухІамадгІали МухІамадгІалиев дандчІвана роолил мучІдузда бугеб «ГІияхъан» рекъарухъабазулгун фермеразул магІишаталъул коллективгун. «ГІияхъан» КФХ гІуцІана 1992 соналда ва хІаракат бахъана гІиял тайпа лъикІлъизабиялъе. 2014 соналда бакІалъулаб гІандадерил хъахІаб хъачІаб квас бугеб тайпадулаб гІи гІезабиялъул магІишаталде гьорлъе ккана.**

МагІишаталда буго 3000 гІанасеб гІи, гьездасан 2050 лемаг, - ян бицана КФХялъул нухмалъулей ГІазра Халидовалъ. 2014 соналда бичана 186 центнер гьан, къунцІараб квас бахана 5270 килограмалде, гьеб ккола щибаб чахъдадаса гьоркьохъеб хІисабалда 2,1 кг. квас. МучІдузда ва гочинабун гІи-боцІи хьихьулеб бакІазда мугІрузул тайпадулаб гІияе шартІал рекъон ккола, - ян абуна «ГІияхъан» КФХялъул вехь МухІамад Абакаровас.

МухІамадгІали МухІамадгІалиевас лъикІаб къимат кьуна тайпадулаб гІи гІезабиялъул рахъалъ КФХялъ гьабулеб хІалтІуе ва абуна гІи-боцІухъанлъи цебетІезабиялде, гьезда гьоркьоб гІия-хъанлъи, районалда рес бугин. Амма тІубараб куцалда жеги пайда босулеб гьечІо ругел ресаздаса,- ян.

ДандчІваялда «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетІер МухІамадгІали МухІамадгІалиевас гІияхъанлъи цебетІезабиялъул рахъалъ росарал бергьенлъабазе гІоло «ГІияхъан» КФХялъул нухмалъулей ГІазра Халидовалъе кьуна ХІурматалъул грамота.

ГІазра Халидовалъ ракІ-ракІалъулаб баркала кьуна районалъул нухмалъулезе магІишаталда гІияхъанлъи цебетІезабиялъе кьолеб кІваралъухъ ва гьабулеб кумекалъухъ.

**«Гумбет» РИО**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

## Инхоса ГІали-хІажи – магІарулазул хІикмат

**МелъелтІа – ГІали-хІажиясул къо**

**МагІарул адабиятальул цІар рагІарав классик Инхоса ГІали-хІажи гьавуралдаса 170 сон тІубаялда хурхун МелъелтІа росдал хІухьбахъиялъул централда тІобитІана ГІали-хІажиясул шигІраби, назмаби цІалиялъул конкурс. Гьеб тадбир тІобитІана МелъелтІа росдал хІухьбахъиялъул маданияб централъ библиотекаялъгун цадахъ. Конкурсалда гІахьаллъана МелъелтІа аслияб школалъул мугІалимзаби, Гумбет районалъул гІадатияб маданиялъул централъул, МелъелтІа росдал администрациялъул хІалтІухъаби ва цогидалги. Тадбир рагьилелде цебе Набигула АхІмадибировас бихьизабуна ГІали-хІажиясул хІакъалъулъ видио - фильм.**

ГІали-хІажиясул хІакъалъуль кьокьабго баянги кьолаго тадбир рагьана ва хадубккун гьеб махщалида бачана МелъелтІа росдал хІухьбахъиялъул маданияб централъул нухмалъулей ГІазра Халидовалъ.

ШагІир, гІалим ГІали-хІажиясул назмаби, шигІраби пасихІго, хІеренго, рекІелъе рортиледухъ цІалана Шагьрузат Къурбановалъ, Шагьзадай Юсуповалъ, Умижат Халидовалъ, Зульфия ХІажимурадовалъ, ГІазра Халидовалъ, Рапият УхІумагІалиевалъ, Бика ГІабдулхІалимовалъ, Сакинат УхІумасултановалъ, Мадина ХІасановалъ, Пари ГІимрановалъ. Инхоса ГІали-хІажиясде Салимат ХІамидовалъ гьабураб кечІ цІалана Умижат Халидовалъ.

Поэтесса ПатІимат АхІмадибировалъ бицана хьвадарухъан мурид, гІакъил ГІали-хІажияс тІоцебе назмаби кин хъвараліали, бицана гьесул гІакъиллъиялъул, камиллъиялъул. ЦІалана жинцаго ГІали-хІажиясде гьабураб кечІ ва абуна жий йохарай йигин ГІали-ХІажияв гьавуралдаса 170 сон тІубаялда хурхун тІобитІараб гьаб тадбиралдаса, гьелда гІахьаллъараз ракІал хІайран гьариледухъ цІаларал шигІрабигун назмабазда.


(Ахир - 4 аб. гьум.)



НОМЕРАЛДА РУГО:



Цо Аллагьасде гуреб, дица бикьичІеб ургъел…

-2 гьум.



27 сентябрь – тарбия кьолезул къо

-2 гьум.

Решения сельских собраний МР «Гумбетовский район» об объявлении конкурсов по отбору кандидатур на должности глав сельских поселений.

-3 - 4 стр.



Килаль Инхоса ГІали-хІажиясул къо

-4 гьум.

БЕТІЕРАВ РЕДАКТОРАСУЛ ПИКРУ

# Цо Аллагьасде гуреб, дица бикьичІеб ургъел...

## ГІужие щай росулел берцинльиги гьунарги?

### МухІамад АхІмадовас 60 тІубаялде

**МагІарулазул машгьурав шагІир, Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъул председатель, Дагъистаналъул халкъияв поэт, Россиялъул ва халкъазда гьоркьосел премиязул лауреат, философ, жамгІияв хІаракатчи, литературияв критик, гьединго бакълъул ракьалъул хІурматияв гражданин МухІамад АхІмадовас исана 13 ноябралда 60 сон тІубала. Гьеб юбилей республикаялъул даражаялда кІодо гьабизе буго. АхІмадовас 60 тІубалеб сон бугелъул, «Гумбет» басмаялда гьесул асарал ва шагІирасул творчествоялъул хІакъалъулъ макъалаби, пикраби рахъизе руго. Исана риидал МухІамад АхІмадовас сапар бухьун букІана Палестинаялдеги. Гьединго АхІмадов ккола, хІеж борхарав, хІажичи. «ГІарафат» абураб гьесул поэма буго ХІарамалъул ракьалда жиб загьирлъараб гъваридаб магІнаялъул асар.**



МагІарул адабият бокьулезда ва цІалулезда лъала Гъуниб районалъул Гьонода росулъа МухІамад АхІмадов, 14 сон гІумруялъул букІаго, «Холеб буго мугІрул чан» абураб кочІодалъун машгьурльаравльи. Гьеб асаралъул магІна ва кІвар гІорхъигун ахир гьечІел, даимал руго. Чанилги чанахъанасулги мисалалда рихьизурун руго лъикІлъи ва квешлъи, гьезул кьеркьей, канлъиялъул ва бецІлъиялъул дандечІей, инсан кантІизавулев вуго гвангъараб, лъикІаб рахъалде вачІине, чиясул рекІел берал рагъулел руго, кьижараб яхІ борчІизабулеб буго. НекІсиял греказ гьедин ракІал рацІцІалъизе ва цІилъизе гьариялда катарсисилан абулаан.

«Холеб буго мугІрул чан» абураб МухІамад АхІмадовасул гьеб машгьураб асар байбихьула гьадинал мухъаздалъун: «Чабхил кІкІалахъан кІанцІун, Бекерулеб буго чан, Чанахъанас нахъеги Босулеб буго ишан. Кьвагьи... Бахъана угьи, Холеб буго берцинльи, СогІаб тІухьидул гулла ХІеренаб рекІелъги кьан...» КочІол ахиралда шагІирас борхулеб буго асливаб суал: - Гьаб кинаб гІажаибльи, гІумрудул сухъмахъазда ГІужие щай росулел Берцинлъиги гьунарги?

МухІамад АхІмадов ккола Инхоса ГІалихІажиясул хІакъалъуль тІоцебе кІудияб асар хъварав шагІирги. Араб гІасруялъул 80-абилел соназдаго хъвараб «Инхоса ГІали-хІажи» абураб поэма ккола жиндирго магІнавияб ва кочІолаб хасаб гІуцІи бугеб философияб асар. Гьенир цоцазулгун бахІсалда руго сардиль ГІали-хІажиги, назму хъвазе гьес бакараб хІедучирахъги, гІакълуги, заманаги, даимльиги. ХІедучирахъалъул гьаракьалъе гьадин жаваб гьабулеб буго ГІали-хІажияс:

-У, гІумрудул чирахъ, ссунеб буго мун,
Анищалги лъугІун, гІумруги лъугІун.
Баркала, лъугІулеб дир гІумрудул нур
Дур гьаракьалъ гьале цІилъизабуна.
Дун – Аллагьасул лагъ, диналъул къурбан,
Кьарну гІужие гьун вугев чанахъан...
Дунял дица чІвараб чанлъун батани,
Дун дунялалъ чІварав чанахъан вуго.

ЧанцІул гІодов ккарав, чанцІул лъукъарав,
Чан лахІзат букІараб бакІаб тІухьилъун...
Огь, гІумрудул чирахъ, дир рокьул чирахъ,
Бидулъ къаламги ччун, хъварал дир мухъал!

Поэмаялъул ахиралда цІалдолезе тІубанго баянлъула авторасул пикру, асаралда жаниб гьес лъураб аслияб магІна:

СихІкъотІи... КочІохъан гІенеккун чІана,
Замана лъалхъана, гІумру хагана.
ХІедул чирахъ свана, гІакълу кьижана,
ШагІирасул гьаракь рекІелъ хутІана,
РагІуларищ жеги: «Дун Инсан вуго!».
Гьел рагІабазин дов хвасар гьавурав,
Дунялги гІакълуги гьезин цІунараб,
Замана тІуркІана гьел рагІабаца,
РагІуларищ жеги: «Дун инсан вуго!»

Дагъаб цебегІан МахІачхъалаялда, Расул ХІамзатовасул цІар кьураб къотІноб рагьана Поэзиялъул театр. Гьеб идараялъул нухмалъулевги ккола МухІамад АхІмадов. Дунялго пана гьабурав шагІир Расул ХІамзатовас МухІамад АхІмадовасе хъвараб кочІолъ руго гьадинал мухъал:

Дица дуй толеб буго, Дица дуй кьолеб буго Хъвазе щвечІеб кочІол тІехь – ТІанчалъе инчІеб анищ, Дир ахирияб хІасрат, Дир хІисабазул гьамас, Дидаго цо лъураб бакІ Лъазе кІолареб алмас... Мунго хутІараб мехалъ Хабазул занахъе ун, Хас гьабун, гІенекке мун, ГІумрудул чІарал сагІтахъ... ГІемерал кучІдул руго АхІичІого хутІарал, Киналго ахІаразухъ Цо хІухьелцин кьоларел. Дица дуй толеб буго, Дица дуй кьолеб буго Доб кьурулъ чІегІераб цер, Дир чІоралда батичІеб, Дун вахинчІеб борхалъи, Дун лъугьинчІеб ахалъи, Цо Аллагьасде гуреб Дица бикьичІеб ургъел.

«ГІолохъанав гьудуласе – МухІамад АхІмадовасе» абураб гьеб асаралда жаниб кІудияв Расул ХІамзатовас жиндего гьабураб божильи ритІухъльизабуна МухІамад АхІмадовас.

МахІачхъалаялда, Москваялда, Минскалда ва цоги шагьараздагун улкабазда МухІамад АхІмадовасул кинаб тІехь къватІибе бачІаниги, гьеній букІуна Инхоса ГІали-хІажиясул темаги.

2015 соналъул 22 сентябралда МухІамад АхІмадовасухъе щведал, гьес дие сайгъат гьабуна цІиял пикраби ва асарал жанире рачараб, 2014 соналда къватІибе биччараб жиндирго «Поэт» абураб тІехь. АхІмадовас гьадинаб литературияб хитІаб хъван тана гьеб тІехьалда, дие сайгъат гьабураб автографлъун:



ХІамзат ГІизудинов, дуниялалда
Диналда релълъуна рагІиги кечІги.
МагІарул мацІалъул цІурмал руго нилъ,
ЦІар араб халкъалъул васал руго нилъ.
«Воре, гьунар цІуне!» - гьале дир гьари,
Гьеб дуда рагІизе бокьун буго дий.
Авар адабият – дуда божараб,
Рорженги цІигьабун, бохизе гьабе.
Гьаб гІумру цІакъ хехго унеб жо, ХІамзат,
Заманалъ гуккун вукІунге, шагІир.
МагІарул кочІое мун хІажат вуго,
ХІежалде вачунеб нух гьелъул буго.
Дица дуй гьарула цІвайилаб лахІзат,
ХІикматаб гІумрудул зодихъ букІине.
Дихъа бажарараб дица гьабуна,
Гьанже цебегІан къай – ирга дур буго.

**МухІамад АхІмадов,**
**22 сентябрь, 2015 сон, МахІачхъала**

ЛЪИМЕР ГЬИМИЧІОНИ, ЧІУНТУЛА ДУНЯЛ

# Малъараб босулел лъугьаги

### 27 сентябрь – тарбия кьолезул къо

**27 сентябралда Россиялъул гІадамаз кІодо гьабуна воспитателасул ва школалъул гІумруялде рахинчІел лъималазул учреждениязул хІалтІухъанасул къо.**

**Дагъистан цебетІезабиялъул приоритетнияб проекталъул цояблъун кколеб «Человеческий капитал» программаялда цІикІкІараб кІвар кьолеб буго гІолеб гІелалъе, хасго школазде рачине гІечІел лъималазул ахазда ругел гьитІичазе тарбиялъай кьеялде. Гьеб проект гІумруялде бахьинабиялда хурхун, районалъул лъайкьеялъул отделалъ бахъун буго хасаб план. Гьелда бихьизабун буго лъималазул ахазул гьенир ругел лъималазул къадар цІикІкІинабизе, тарбиялъай кьеялъе жакъасел тІалабазда данде кколел шартІал гІуцІизе.**

Нилъер хІукуматалъ кІудияб кІвар кьолеб буго лъимал социалияб рахъалъ хьезариялде, гьезие тарбия-лъай кьей борхизабиялде, гьезул тІалабал цІуниялде. Гьелъие нугІлъун ккола цІикІкІинарулел ругел пособия-пенсиялги, кІиабилеб ва хадусел лъимал гьаруралъухъ кьолеб эбелалъул капиталалъги, гьел цІуниялде хурхарал батІи-батІиял программаби ва цогидалги тадбирал гІумруялде рахъинарулел рукІиналъги.

Гьединго нилъер районалъул идараялъги цІикІкІараб кІвар кьолеб буго гІолеб гІел, тІаде группаби рагьун, лъималазул ахазде росиялда ва школазде рачине гІечІел лъималазул ахазда ругел гьитІичазе тарбия лъайкьеялда. Гьединльидал, лъималазул ахазул киналго педагогическиял хІалтІухъабаз лъугІизаризе ккола лъай борхизабиялъул курсал. Жакъа кьоялде гьел курсазде витІана 27 педагог, аттестовать гьавуна 6 педагог.

Районалда буго 9 лъималазул ах. Лъимал ясли-ахазде росиялъул ва ирга чІезабиялъул гьабун буго электроннияб къагІида (ЭДС («Электронный детский сад»). Гьеб къагІидаялда ирга щвараб лъимер жибго (автоматически) букІуна лъималазул ахалде босулезул списокалде. Жакъа кьоялда электроннияб къагІидаялда районалъул лъималазул ахазда руго 26 группаялдаса гІуцІараб 550 лъимер, иргаялда буго 148 лъимер, гьезда гьоркьоб 3-7 сонал бахараб 5 гурони лъимер гьечІо. ТІадеги босана 115 лъимер ва школазде регІана 119 лъимер. Лъималазул ахазда хІалтІулев вуго 198 хІалтІухъан, гьезда гьоркьосан 57 педагог.

Ахираб кІиго соналда жаниб районалда ЛъаратІа росулъ рагьана 25 лъимералъе бакІ бугеб лъималазул ах. Араб соналда Игьали, ЦІияб Аргъвани, ЧІиркъатІа, Гьорхь Инхо росабазул лъималазул ахазе гьабуна капиталияб ремонт, рагьана тІаде лъимал къабул гьаризе цІияб анлъго группа, 120 лъимералъе бакІ бугеб. ТІадеги лъималазул ахазда кинабниги 150 лъимералъе бакІ щвана. Игьали лъималазул ахалда тІадеги бана 3 группаялъе бакІ бугеб 6 рукъ. Гьединго ЦІияб Аргъвани, Гьоркь Инхо, ЧІиркъатІа бана цо-цо группаялъе кІи-кІи рукъ. Гьел хІалтІаби гьаризе гьаб соналда райадминистрациялъ харж гьабуна 2 млн 168 азарго гъурущ. ЦІирагьарал группабазе къайи босизе харж гьабуна 582 200 гъурущ. Гьеб гІарац букІана хасаб федералияб программаялда рекъон биччараб. Гьелде росана лъималазул кроватал, бусенкъайи, расанкІаби, ретІел лъолел шкафал ва гь. ц. хІажатаб. Районалъул администрациялъ босана 5 лъималазул ахалъе расандулеб, 10 сурсат жаниб бугеб площадка. Гьел площадкабазе харж гьабуна 415 азарго гъурущ. Районалъул идараялда ракІалда буго лъималазул ахал гьечІел росабалъги школазда группабиги рагьун 3-7 соналде рахарал лъималазе тарбия – лъай кьезе.

Школалда цересел лъималазул ахалда ругел гьитІичазе, ай гІолеб гІелалъе, рухІияб тарбия кьей, гьезулъ гІадаматлъиялъул ва ракІ лъикІлъиялъул къучІал куцай – гьеб буго жавабчилъи ва кІвар цІикІкІараб масъала. РухІияб рахъалъ бечедав инсан тарбия кьун гІезавизе ккани, хьизанги, лъай кьеялъул учреждениялги, жамгІият ва пачалихъги цадахъ рекъон хІалтІизе ккола.

Нилъер хирияв лъималазул гІумру жеги цебе буго. Лъимал руго нилъер букІинесеб. Лъималазул машгьурав хъвадарухъан С.Михалковас абун буго: «Жакъа нуж лъимал ратаниги, метерисеб кьоялъ халкълъун руго»,-ян. Гьеб битІараб буго. Нилъерги мурад буго лъимал ВатІаналъе ритІухъал, гІакълу-лъай бугел халкълъун рукІинеселлъун куцай.

ХІурматиял лъималазул ахазул хІалтІухъаби!

РакІ-ракІалъ баркула нужеда профессионалияб байрам – школалда цебесеб лъайкьеялъул хІалтІухъанасул къо. Биччанте нужее кидаго букІине гвангъараб бакъ ва роцІцІараб зоб!. Гьарула нужее талихІ, сахлъи, рохел, гьабулеб ишалъулъ битІккей. ТІурайги нужер рекІел мурадалгун анищал!

**ПатІимат ГъалбацІова, Гумбет районалъул лъайкьеялъул отделалъул методист**

ДОКУМЕНТЫ

## Собрание депутатов СП «сельсовет “Мехельтинский”» РД

### РЕШЕНИЕ № 4

**от 19. 09. 2015 г.** **с. Мехельта**

В соответствии с положением о порядке проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы СП «сельсовет "Мехельтинский"» собрание депутатов сельского поселения

**РЕШАЕТ:**

Объявить конкурс по отбору кандидатур на должность главы СП «сельсовет "Мехельтинский"» на 19.10.2015 г.

Назначить членами конкурсной комиссии по отбору кандидатур на должность главы СП «сельсовет "Мехельтинский"» следующих депутатов сельского собрания:

**Ахмедов Мухтарахмед Магомедович**
**Абдунасиров Магомед Ахмедович**
**Амагаева Хабизат Шарудиновна**

**Председатель собрания депутатов**
**М. М. Ахмедов**

## Собрание депутатов сельского поселения «сельсовет “Цилитлинский”»

### РЕШЕНИЕ № 3

**от 19 09. 2015 г.** **с. Цилитль**

На основании требования законодательства, Устава сельского поселения и Положения о порядке проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «сельсовет "Цилитлинский"» Собрание депутатов сельского поселения «сельсовет "Цилитлинский"»:

**РЕШАЕТ:**

Конкурс по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «сельсовет "Цилитлинский"» назначить на 19 октября 2015 г.

Назначить членами конкурсной комиссии по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «сельсовет "Цилитлинский"» депутатов в составе:

**Абулгасанова М. Х. Газгереева М. Г. Османгаджиева М. М.**

**Председатель Собрания депутатов**
**Абулгасанов М. Х.**

## Собрание депутатов сельского поселения «село Тлярата»

### РЕШЕНИЕ № 1

**19.09.2015 г.** **с. Тлярата**

В соответствии с положением о порядке проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы СП «село Тлярата» собрание депутатов сельского поселения

**РЕШАЕТ:**

Объявить конкурс по отбору кандидатур на должность главы СП «село Тлярата» на 19.10.2015 г.

Назначить членами конкурсной комиссии по отбору кандидатур на должность главы СП «село Тлярата» следующих депутатов сельского собрания:

**Сурхаев Сурхай Алханович**
**Алиев Камалдин Сайгидахмедович**

**Председатель сельского собрания депутатов**
**Сурхаев С. А.**

## Собрание депутатов сельского поселения «село Гадари»

### РЕШЕНИЕ № 2

**19.09.2015 г .** **с. Гадари**

В соответствии с положением о порядке проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы СП «село Гадари» собрание депутатов сельского поселения

**РЕШАЕТ:**

Объявить конкурс по отбору кандидатур на должность главы СП «село Гадари» на 19.10.2015 г.

Назначить членами конкурсной комиссии по отбору кандидатур на должность главы СП «село Гадари» следующих депутатов сельского собрания:

**Магомедов Магомедарип Ю.**
**Абдусаламов Дарбищ А.**
**Магомедов Магомедрасул М.**

**Председатель собрания депутатов**
**Магомедов М. Ю.**

## Собрания депутатов сельского поселения «село Данух»

### РЕШЕНИЕ № 3

**19.09.2015 г .** **с. Данух**

В соответствии с положением о порядке проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы СП «село Данух» собрание депутатов сельского поселения

**РЕШАЕТ:**

Объявить конкурс по отбору кандидатур на должность главы СП «село Данух» на 19.10.2015 г.

Назначить членами конкурсной комиссии по отбору кандидатур на должность главы СП «село Данух» следующих депутатов сельского собрания:

**Сайпилаев Магомед Билалович**
**Исаев Абдулатип Гасанович**
**Аминтазаев Якудибир Избудинович**

**Председатель Собрания депутатов**
**Сайпилаев М. Б.**

## Собрание депутатов СП «сельсовет “Цунди-Шабдухский”»

### РЕШЕНИЕ № 1

**от 19. 09. 2015 г.** **с. Цунди-Шабдух**

В соответствии с положением о порядке проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы СП «сельсовет "Цунди-Шабдухский"» Собрание депутатов сельского поселения "Цунди-Шабдухский"»

**РЕШАЕТ:**

Объявить конкурс по отбору кандидатур на должность главы администрации сельского поселения "Цунди-Шабдухский"» на 19.10.2015 года.

Назначить членами конкурсной комиссии по отбору кандидатур на должность главы администрации сельского поселения «сельсовет "Цунди-Шабдухский "» следующих депутатов сельского собрания:

**Алигаджиев П. А.**
**Асадулаев Ш. А.**
**Шахтимиров Ш. М.**

**Председатель собрания депутатов**
**СП «сельсовет "Цунди-Шабдухский"»**
**Алигаджиев П. А.**

## Собрание депутатов сельского поселения «село Килятль»

### РЕШЕНИЕ № 2

**от 19. 09. 2015 г.** **с. Килятль**

В соответствии с Положением о порядке проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы администрации сельского поселения "село Килятль" Собрание депутатов сельского поселения "село Килятль"

**РЕШАЕТ:**

Объявить конкурс по отбору кандидатур на должность главы администрации сельского поселения «село Килятль» на 19 октября 2015 г.

Назначить членами конкурсной комиссии по отбору кандидатур на должность главы администрации сельского поселения «село Килятль» следующих депутатов сельского собрания:

**Узаиров С.М.**
**Шарипов Д.Г.**
**Магомедов М.Б.**

**Председатель Собрания депутатов**
**Узаиров С. М.**

## Собрание депутатов сельского поселения «село Верхнее Инхо»

### РЕШЕНИЕ № 2

**19.09.2015 г .** **с. Верхнее Инхо**

О создании конкурсной комиссии по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «село Верхнее Инхо».

**РЕШАЕТ:**

Объявить конкурс по отбору кандидатур на должность главы СП «село Верхнее Инхо» на 19.10.2015 г.

Назначить членами конкурсной комиссии по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «село Верхнее Инхо»

**Магомедова Хабизат Магомедовна.**
**Магомедов Ахмедула Саидович.**
**Абдулатипов Магомед Магомедзагидович.**

**Председатель Собрания депутатов**
**Магомедов А. С.**

## Собрание депутатов сельского поселения «село Читль»

### РЕШЕНИЕ № 1

**19.09.2015 г .** **с. Читль**

В соответствии с положением о порядке проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы СП «село Читль» собрание депутатов сельского поселения

**РЕШАЕТ:**

Объявить конкурс по отбору кандидатур на должность главы СП «село Читль» на 19.10.2015 г.

Назначить членами конкурсной комиссии по отбору кандидатур на должность главы СП «село Читль» следующих депутатов сельского собрания:

**Алиев Али Магомедович**
**Нурмагомедов Магомедрасул Магомеднабиевич.**
**Сайгитагаев Ахмед Сайгитагаевич**

**Председатель Собрания депутатов**
**А. Алиев**

## Собрание депутатов сельского поселения «село Чирката»

### РЕШЕНИЕ № 4

**19.09.2015 г .** **с. Чирката**

В соответствии с частью 2.1 статьи 36 Федерального закона от 6 октября 2003 года № 131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации» Собрание депутатов сельского поселения «село Чирката».

**РЕШАЕТ:**

Объявить конкурс по отбору кандидатур на должность главы СП «село Чирката» на 19.10.2015 г.

Назначить членами конкурсной комиссии по отбору кандидатур на должность главы СП «село Чирката» следующих депутатов сельского собрания:

**Магомедов Хадисгаджи Джамалодинович**
**Дибиргаджиев Магомед Гаджиевич**
**Сабуев Госен Сабуевич**

**Глава сельского поселения**
**Х. Магомедов**

## Собрание депутатов сельского поселения «село Нижнее Инхо»

### РЕШЕНИЕ № 1

19.09.2015 г. с. Нижнее Инхо

В соответствии с положением о порядке проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы СП «село Нижнее Инхо» собрание депутатов сельского поселения

**РЕШАЕТ:**

Объявить конкурс по отбору кандидатур на должность главы СП «село Нижнее Инхо» на 19.10.2015 г. в с. Мехельта, в здании администрации Гумбетовского района.

Назначить членами конкурсной комиссии по отбору кандидатур на должность главы СП «село Нижнее Инхо» следующих депутатов сельского собрания:

**Гамзатов Ахмед Абдулатипович**
**Юсупов Шамиль Ахмедович**
**Гаджиев Юнус Юнусович**

**Председатель Собрания депутатов**
**А. А Гамзатов.**

## Собрание депутатов СП «сельсовет "Арадирихский"» Гумбетовского РД

### РЕШЕНИЕ № 4

19.09.2015 г. с. Арадирих

В соответствии с положением о порядке проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы СП «сельсовет "Арадирихий"»

**РЕШАЕТ:**

Объявить конкурс по отбору кандидатур на должность главы СП «сельсовет "Арадирихский"» на 19 октября 2015 г. в с. Мехельта, в здании администрации Гумбетовского района.

Назначить членами конкурсной комиссии по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «сельсовет "Арадирихский"» следующих депутатов сельского собрания:

**Алигаджиев Гассан Магомедович**
**Муртазалиев Далгат Сулейманович**
**Казанбиева Халимат Магомедовна**

**Председатель собрания депутатов**
**Г. М. Алигаджиев**

## Собрание депутатов сельского поселения «село Ингиши»

### РЕШЕНИЕ № 1

19.09.2015 г. с. Ингиши

В соответствии с положением о порядке проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы СП «село Ингиши» собрание депутатов сельского поселения

**РЕШАЕТ:**

Объявить конкурс по отбору кандидатур на должность главы СП «село Ингиши» на 19.10.2015 г. в с. Мехельта, в здании администрации Гумбетовского района.

Назначить членами конкурсной комиссии по отбору кандидатур на должность главы СП «село Ингиши» следующих депутатов сельского собрания:

**Хабибов Асадула Х.**
**Маматгереев Шамил Б.**
**Хизбулаев Рашидбег Б.**

**Председатель собрания депутатов**
**Хабибов Асадула Х.**

2015- 2016 ЦIАЛУЛ СОН – ЛЪАЙКЬЕЯЛЪУЛ ЛЪАГIЕЛ

## Данухъ гьоркьохъеб школалда гIелмулъаялъул байрам

**ЦIалдохъабазе рокьулел байрамазул цояб ккола Лъаялъул къо. Данухъ гьоркьохъеб школалъул цIалдохъабаз, учительзабаз рохалида кIодо гьабуна гьеб къо.**

ТIоцебесеб цIумур кьабиялъул байрамалда гIахьаллъана школлъимал, учительзаби гурелги, умумулги, росдал администрациялъул нухмалъулев **Халил ГIабдурашидов**, росулъ ругел маданиял учреждениязул хIалтIухъаби, Гумбет районалъул администрациялъул культураялъул, физическияб культураялъул, спорталъул, гIолилазул политикаялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев **МухIамад ГIумардибиров** ва цогидалги.

Баркиялъулаб кIалъай гьабулаго, рохалилаб байрам рагьана школалъул директорасул тарбия кьеялъул рахъалъ кумекчи **ГIабдулпатахI Салатгереевас.** Байрам бачана **Ханза МухIамаднарисовалъ** ва **ГIайшат ИсмагIиловалъ.**

Лъаялъул къо баркун, кIалъана учитель **МухтарахIмад Мусаев**, умумузул комитеталъул нухмалъулей **Загьра Акаева,** райадминистрациялъул вакил МухIамад ГIумардибиров.

Байрам лъугIана Дагъистаналъул гимн ва учительзабигун цIалдохъабаз хоралъ «Йохъ, цо миллион гуро дагъистаниял ругел!» абураб Расул ХIамзатовасул кечI ахIиялдалъун.

**ГIабдулпатахI Салатгереев**

## Инхоса ГIали-хIажи – магIарулазул хIикмат

**(Авал - тIоцебесеб гъумералда)**

РакI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна гьеб тадбир хIадурарал ГIазра Халидовалъе ва Набигула АхIмадибировасе.



Гумбет районалъул халкъияб театралъул режиссер НурмухIамад НурмухIамадовас тадбир хIадураразе ва гьениб шигIрабигун назмаби цIаларазе баркалаги кьолаго рикIкIана ГIали-хIажияс ясазде гьабураб шигIруялъул кополал цо-цо мухъал ва мугIалимзабазде гьабураб назму. Абуна Дагъистаналда гьединал гIалимзаби гIемерлъагиян ва гьезул баракат нилъее киназего щвагиян.

ГIуцIун букIана жюриги. Рихьизарун рукIана призалъулал бакIал ккуразе гIарцулал сайгъаталги. Жюриялъе захIмат букIана киназдаго гьоркьоса лъикIал тIаса рищизе. Гьединлъидал жюриялъ киназго лъикI цIалараблъун рикIкIана ва МелъелтIа маданияб централъул рахъалдасан киназего щунуснус гъурущ кьуна.

**ГIайшат Исламбиева**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ…

## Килалъ Инхоса ГIали-хIажиясул къо

### Адабияталъул классикасул асаразда тIасан конференция

**28 августалъ Гумбет районалъул Килалъ росдал маданияб централда тIобитIана ГIали-хIажиясул «Асарал» абураб тIехьалдасан конференция.**

Конференциялда гIахьаллъана росдал школалъул мугIалимал, цIалдохъаби, росдал жамагIаталъул вакилзаби, ясли-ахалъул тарбиячагIи, гьенир тарбия босулел лъимал, маданияталъул хIалтIухъаби ва студентал.

Конференция рагьана росдал маданияб централъул директор **Исрапил Заирбеговас.** Хадуб рагIи кьуна Килалъ росдал школалъул директор **СагIидбег ГIузаировасе** ГIали-хIажиясул гIумруялъул ва къисматалъул хIакъалъулъ бицине. ГIали-хIажиясул гIумруялъул хIакъалъулъ бицунаго гьоркьо-гьоркьор назмабиги цIалулел рукIана.

Конференциялда гьединго кIалъай гьабуна росдал библиотекаялъул нухмалъулей **Гьумайзат Запировалъ**, районалъул халкъияб театралъул режиссер **НурмухIамад НурмухIамадовас** ва адабияталъул мугIалим **Загьидат КъурамухIамадовалъ.**

ГIали-хIажиясул кучIдул, назмаби рекIехъе цIалана ясли-ахалъул лъималаз, школалъул цIалдохъабаз, студентаз ва росдал гIолилаз. Гьез бихьизабуна унго-унголъунги ГIали-хIажиясул асаразде жидерго бугеб рокьи ва гъира.

Ахиралда Исрапил Заирбеговас абуна: Инхоса ГIали-хIажиясул шигIрияб ирс – къинго гьечIел иццал, чанги къечарасул къеч буссинабулел, гIаданлъи, яхI-намус, бахIарчилъи, къо хIехьей, ВатIаналде рокьи, гIадамазулъ хьвадизе лъай, адаб-хатир - гьеле гьесул нилъее насихIат. Ина заман, хисила гIелал, хиси гьечIел ГIали-хIажил асарал хутIила даималъего.

**Исрапил Заирбегов**

ГIАКIА АХIУЛЕБ БУГО

Паспорт самоходной машины серия Т. А. 335 948 от 31. 10. 2006 года, выданный Федеральной таможенной службой Российской Федерации на экскаватор KOMATSU «WB975-5» гос. регистрационный знак серия 05 ЕА 75-82 2006 года выпуска KMTW 021 К 77 F 00236, принадлежащий ООО «Строительное управление Каспий», г. Махачкала, ул. Абубакарова, 115 «б», **считать недействительным.**


БетIерав редактор
ХIамзат ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков
телефон: 26-404

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьорк
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1330
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144


Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.